



Pou Piblikasyon Imedya: 24/08/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI PREMYE BRANCH NAN PON GOUVÈNÈ MARIO M. CUOMO AN**

***Yo Te Atenn Etap Fondamantal Majè nan Pwojè Ki Konstwi Apati Konsepsyon yo Pandan Ke Yo Planifye Ouvri Premye Branch Pon Ikonik Lan Pou Sikilasyon***

***Pon Ki Konekte Rockland ak Westchester a sou Wout pou Ouvri an 2018 epi li nan Bidjè 3.98 Milya Dola a***

***Tranzisyon nan Sikilasyon Nan Direksyon Rockland lan Ap Kòmanse nan Vandredi Swa a 9 p.m.***

***Yon Videyo Peryòd Tan Ki Pase nan Pwojè a Disponib [Isit la](#)***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ouvèti premye branch nan Pon Gouvènè Mario M. Cuomo a, yon kwazman ikonik ki den doub branch ki tache ak kab ki pral bay sèvis nan Hudson Valley pou pwochèt syèk lan. Gouvènè a te komemore etap fondamantal lan ak yon seremoni koupe riban ki te genyen plis pase 800 diyitè ak abitan ki soti nan konte Rockland ak Westchester nan zòn ki tache ak kab yo nan premye branch lan. Pwojè konstwiksyon an se yonn nan pi gwo pwojè nan nasyon an epi li se pi gwo a nan istwa Otorite Thruway (Thruway Authority) Eta New York. Kat liy sikilasyon nan direksyon Rockland pral kòmanse travèse premye branch lan ta nan Vandredi swa rive nan Samdi maten.

“Nouvo Pon Mario M. Cuomo a se pi plis ke yon estrikti mayifik, modènize, li se yon senbòl pou eta sa ak nasyon sa. Ouvèti nouvo branch sa montre mond lan ke nou retounen gen enèji nou ak entepidite nou, ke nou pral kontinye akonpli gwo bagay, epi ke nou ap konstwi pi gwo epi pi byen ke jan nou te konn fè depi plizyè dekad”,  
**Gouvènè Cuomo te deklare.** “Eksèsyò raple nou ke deviz eta sa di rive menm pi wo, epi nou ap non sèlman konstwi yon nouvo pon ak panse sa - men tou nou ap konstwi yon nouvo eta ak yon ekonomi ki pi djanm. Pwojè istorik sa ap bay bon jan kalite travay, espwa ak opòtinite pou alafwa abitan ak vizitè yo ki nan eta sa, epi mwen espere wè jenerasyon fiti moun New York yo ki ap travèse Rivyè Hudson sou nouvo pon sa pou 100 pwochèt ane yo.”

Gouvènè Cuomo te kondwi sou nouvo branch pon an nan yon Corvette ane 1955 ak Armando “Chick” Galella, ki te kondwi Corvette menm modèl ane a kòm yon pati nan

pwosesis inogiral yo ki te travèse Pon Tappan Zee an nan dat 15 Desanm 1955. Abitan Sleepy Hollow lan se yon veteran ak yon moun ki te resevwa Etwal Bwonz ki te siviv atak 7 Desanm 1941 an nan Pearl Harbor.

Pon Gouvènè Mario M. Cuomo a pral pasyèlman ouvri nan kat liy sikilasyon nan direksyon Rockland nan aswè nan Vandredi 25 Dawout si kondisyon metewo a pèmèt li. Pou kèk pwochen mwa yo, chofè ki pral nan direksyon nò/direksyon lwès sou Thruway (I-87/I-287) Eta New York lan yo pral travèse Rivyè Hudson sou nouvo pon an, pandan ke chofè ki pral nan direksyon lès/direksyon sid yo pral itilize ansyen pon an, yo chak genyen kat liy sikilasyon ki disponib. Pi devan nan sezon otòn sa, nouvo pon an pral fin ranplase konplètman Pon Tappan Zee ki gen 62 ane a lè yo pral fè tranzisyon kat liy sikilasyon nan direksyon Westchester yo tou nan premye branch lan.

Sou òdonans Gouvènè Cuomo, Otorite Thruway Eta New York te jere pwojè ranplasman pon an depi 2013 ak de objektif fondamantal - an premye, ouvri pon an konplètman pou sikilasyon an 2018, epi an dezyèm, konplete pon an nan oswa mwens pase montan 3.98 milya dola ki te nan bidjè a. Aktyèlman, pwojè a rete nan bidjè a epi li a tan, pandan ke konstwiksyon nan dezyèm branch li an ap kontinye pwogrese.

Aprè ke yo fin fè tout tranzisyon sikilasyon nan premye branch lan, Tappan Zee Constructors ki se konstwikte apati konsepsyon yo pral demoli platfòm ansyen pon an, ki okipe menm espas nan dezyèm branch lan, epi konekte dezyèm branch lan ak tè a. Lè li fin konplete, chofè yo pral benefisye de tout avantaj 5 kilomèt doub branch lan, ki pral gen ladan:

- Ywit liy sikilasyon jeneral;
- Kat liy ijans ak pàn yo;
- Espas pou transpò rapid bis fiti ak wout ray pou vwayajè;
- Yon wout pou pwomnad ak bisiklèt ki gen sis zòn vizyèl inik;
- Peyaj San Kach; ak
- Ekleraj LED ki pa konsome anpil enèji.

Pon Tappan Zee orijinal la, ki relye Rockland ak Westchester, li te ouvri an Desanm 1955 epi genyen kounye a plis pase 140,000 veyikil ki ap travèse li chak jou.

Antan ke premye pon ki tache ak kab ke yo te janm konstwi sou Rivyè Hudson, nouvo Pon Gouvènè Mario M. Cuomo an itilize kab asye yo ranje nan yon ang pou konekte platfòm pon an ak tou vètikal yo ki pwolonje byen wo sou wout la. Pon an gen ladan tou 419 pye wotè ki kanpe nan yon ang senk degre, epi li gen yon total 192 kab sispansyon ki pral lonje rive 23 kilomèt si yo poze yo bout pa bout. Y'ap itilize plis pase 110,000 tòn asye ki te fèt an Amerik pou konstwi pon an, epi anviwon 7,000 moun te kontribiye nan pwojè a jiska dat, ki ap totalize prèske 9 milyon èdtan travay.

Pwojè a yo rekonèt li atravè nasyon an, enkli pa ansyen Prezidan Barack Obama, ki te mete li nan tèt lis pwojè priyorite enfastrikti enpòtan li yo. Yon fwa li fin konplete, Pon Gouvènè Mario M. Cuomo a pral non sèlman konekte Hudson Valley, li pral sèvi kòm wout prensipal ant Rejyon Nò Eta ak rejyon metwopolitèn Vil New York lan.

Pwojè sa ap itilize pwosesis konstwiksyon apati konsepsyon yo ke Gouvènè Cuomo te ranpòte epi te pote nan New York. Pwosesis la ankouraje sektè prive a pou li kreyatif nan metòd yo ki ap akselere tan konstwiksyon an epi redwi montan depans yo, pandan ke eta a jwenn asirans tou de sètitud montan depans lan. Tappan Zee Constructors li responsab pou alafwa konsepsyon ak konstwiksyon yo. Yo ap itilize modèl sa atravè gwo pwojè enfastrikti nan New York yo, ki gen ladan nouvo Pon Kosciuszko ki nan Vil New York lan. Pwojè sa te ouvri premye branch li an ta nan mwa Avril.

Otorite Thruway Eta New York se pwopriyetè pwojè a pou ranplise Pon Tappan Zee an; Tappan Zee Constructors se konsòsyòm ki ap fè konsepsyon ak konstwiksyon nan nouvo pon an.

### **Peryòd Kwonoloji Konstwiksyon Pon Gouvènè Mario M. Cuomo an:**

<b>Oktòb 2013</b>	Premye pout asye fondasyonèl yo rive nan Rivyè Hudson
<b>Septanm 2014</b>	Kòmansman enstalasyon kapichon pout yo
<b>Novanm 2014</b>	Yo te konstwi premye pilye yo
<b>Avril 2015</b>	Premye soulèvman gwo gri I Lift NY (kapichon pout an beton prefabrike ki peze 600 tòn)
<b>Me 2015</b>	Yo te konstwi premye kapichon pilye yo
<b>Jen 2015</b>	Gwo gri an plase premye asanblaj pout yo
<b>Septanm 2015</b>	Kòmansman konstwiksyon tou yo
<b>Novanm 2015</b>	Yo te enstale premye pano platfòm wout lan
<b>Avril 2016</b>	Tou yo atenn pwen mitan an
<b>Jiyè 2016</b>	Yo te enstale premye kap sispansyon nan kwazman nan direksyon lwès
<b>Oktòb 2016</b>	Yo te enstale asanblaj pout final yo nan branch nan direksyon lwès
<b>Desanm 2016</b>	Yo te fin kouvri tou branch prensipal la
<b>Avril 2017</b>	Yo te konekte branch nan direksyon lwès lan
<b>Out 2017</b>	Yo te fin konplete operasyon betonaj branch nan direksyon lwès lan

**Manm Kongrè Nita M. Lowey te deklare,** “Ranplasman Pon Tappan Zee an se yonn nan pwojè enfastrikti ki pi ijamman nesèsè epi ki pi enpòtan yo nan nasyon an, epi jodi a make yon lòt etap enpòtan pou rive bay soulajman ke vwayajè yo bezwen anpil, epi ranfòse yon lyen ki enpòtan anpil nan sistèm enfastrikti rejyon nou an. Mwen fyè dèske mwen te sipòte vizyon ak lidèchip Gouvènè Cuomo, epi poutèt mwen te ede garanti 1.6 milya dola nan finansman federal yo apati yon prè TIFIA istorik pou fè nouvo pon sa vin yon reyalyte pou Lower Hudson Valley. Ekonomi rejyonal ak eta nou an depann de enfastrikti transpò ki fyab, epi solisyon inovatif sa pral kontinye favorize kwasans ekonomik pou ane ki gen pou vini yo. Li apwopriye ke yo pral nonmen gwo sistèm enfastrikti sa apre Mario Cuomo, ki te yon gwo gouvènè Eta New York”.

**Manm Kongrè Eliot Engel te deklare,** “Antan ke yonn nan pi gwo pwojè enfastrikti yo nan nasyon an, nouvo Pon Gouvènè Mario M. Cuomo a pral ranfòse sekirite, redwi anbouteyaj epi pwomouvwa pi gwo devlopman ekonomik. Mwen kontan poutèt mwen te

fè pati de moun ki t'ap travay pou jwenn finansman ki nesesè pou fè jodi a vin yon reyalite”.

**Manm Kongrè Sean Patrick Maloney te deklare,** “Se te yon onè pou mwen rejwenn Gouvènè Cuomo ak zanmi mwen yo ki nan Hudson Valley pou kapab selebre ouvèti pon istorik sa, epi mwen vle remèsye Gouvènè a poutèt li fè sa kòrèkteman. Depi kòmansman jiska fen, pwojè sa te yon modèl pou jan ke nou ta dwe fè tout gwo pwojè enfrastrikti nou yo - li nan bidjè a, li a tan, li angaje ak sektè prive a, epi mwen te fyè pou mwen fè pati pa mwen pou garanti finansman federal yo atravè pwogram TIFIA a. Klima politik lan lèd nan moman an, men pon sa se yon senbòl de sa ke nou ka reyalize lè nou mete tout bagay sa yo a kote epi fè sa ke nou sipoze fè”.

**Andrea Stewart-Cousins, ki se Lidè Demokratik Sena a, te deklare,** “Se yon gwo jou pou Westchester ak Eta New York pandan ke n'ap temwen achèvmman premye branch nan Pon Mario Cuomo a. Mwen felisite Gouvènè Cuomo pou lidèchip li nan pwojè monimantal sa a. Sa se yon investisman ki nesesè nan enfrastrikti lokal nou yo, yonn ki pral fè enpak pozitif ilimite pou vwayajè, pasaje ak biznis ki ap travay di yo. Mwen espere kontinye ak angajman sa nan amelyore Westchester epi rekonstwi eta nou an pou fiti”.

**Lidè IDC Sena a Jeff Klein te deklare,** “Ouvèti premye branch nan Pon Mario Cuomo a reprezante yon etap fondamantal nan angajman New York pou amelyore enfrastrikti nou yo. Mwen espere travay ansanm ak Gouvènè Cuomo pou kontinye investi nan pwojè ki ap fè eta a vanse devan”.

**Prezidan AFL-CIO Eta New York, Mario Cilento, te di,** “Sa se yon moman fyète nan istwa gwo eta nou an. Non sèlman pwojè sa a tan epi li nan bidjè a, men tou li te konstwi pa sendika travay yo ak asye ki te fèt an Amerik. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo poutèt li etabli yon lòt fwa ankò estanda yo pou rès peyi a lè li asire ke yo te itilize pi bon mendèv ak pwodwi yo nan pon mayifik sa. Reyalite ke sendika travay ki kalifye anpil epi ki byen fòme yo te reyalize travay la apati itilizasyon pi bon kalite asye Ameriken yo sèlman sa vle di ke nou tout kapab pwofite, ak anpil konfyans, de yon kwazman modèn pou jenerasyon ki gen pou vini yo”.

**Prezidan Tappan Zee Constructors, Terry Towle, te deklare,** “Aprè plizyè ane travay di ki te akonpli pa plizyè milye moun ki devwe, nou fyè pou nou gen sikilasyon sou nouvo pon an pou premye fwa. An plis de mentni yonn nan pi bon rejis sekirite nan endistri an, ekip nou an te konstamman respekte delè sere yo sou kondisyon ki ekstrèmman difisil yo. Ansanm nou ap konstwi yon pon ikonik ki pral sèvi kominote sa pandan dè jenerasyon”.

**Direktè Egzekitif Otorite Thruway Ki Ap Vini an, Matthew Driscoll te deklare,** “Sa se yon moman istorik pou Eta New York ak Otorite Thruway ak ouvèti pwochen gwo pon li an. Jou sa pa t'ap posib san Gouvènè Cuomo ak efò li yo pou fè pwojè modèn sa vanse apre plizyè dekad disfonksyonman. Pwojè enfrastrikti enkwayab sa te kreye travay, bay bourad a ekonomi an epi li pral bay yon vwayaj ki pi rapid, pi sekirize pou otomobilis yo atravè eta a, epi Otorite Thruway ansanm ak tout anplwaye li yo fyè pou yo fè pati de li”.

**Jamey Barbas, ki se Direktè Pwojè Nouvo Pon NY lan (New NY Bridge), te deklare,** “Ouvèti yon nouvo pon se toujou yon reyalizasyon enpòtan ak yon etap fondamantal konsiderab nan nenpòt pwojè, men espesyalman nan yonn ki gen dimansyon ak eskal sa. Mete sikilasyon sou premye branch lan se yon apoje anpil moun ki ap pwospere pou atenn menm objektif lan. Mwen vle remèsye tout fanm ak gason ki te travay di yo ki te fè jou sa vin posib”.

Gen foto ak gwo rezolisyon ki disponib [isit la](#) ak yon video peryòd tan pwojè a ki disponib [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418